

# VIRIS ZIKA

## Sa ou bezwen konnen

Cigna®

Cigna ap kontwòl devlopman deklanchman yo epi nou prepare pou ede kliyan yo, si li nesèsè.



247/365

Sonje sèvis kliyantèl nou louvri 24 sou 24, 7 jou sou 7 ak 365 jou nan ane a pou ede kliyan ki gen kesyon sou avantaj sante yo ak lòt kesyon ki ka gen pou wè ak avantaj yo.



[www.cdc.gov](http://www.cdc.gov)  
ak  
[www.who.int](http://www.who.int)

Pou jwenn plis enfòmasyon espesyal sou viris Zika, tanpri ale sou sitwèb Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) nan [www.cdc.gov](http://www.cdc.gov) oswa sou sitwèb Òganizasyon Mondyal Sante nan [www.who.int](http://www.who.int)

## 1. Kisa enfeksyon viris Zika ye epi kijan li simaye?



Dapre Òganizasyon Mondyal Sante (OMS), viris Zika transmèt ba moun lè yon moustik ki enfekte nan *Aedes genus*, sitou *Aedes aegypti* nan rejyon twopikal yo mòde moun. Sa se menm moustik ki transmèt deng, chikungunya ak lafyèv jòn.

Viris la kapab simaye tou nan transmisyon seksyèl ak transfizyon san.

## 2. Kisa sentòm yo ye?



- Apeprè youn moun sou senk ki enfekte avèk Zika ap malad.
- Anjeneral, viris Zika lakòz maladi lejè; avèk sentòm ki parèt nan kèk jou apre yon moustik ki enfekte mòde yon moun. Pifò moun ki gen maladi viris Zika ap gen yon ti lafyèv ak gratèl. Lòt moun yo ap gen azoumounou, doulè nan miskilati ak je-pye, epitou y ap santi yo fatige. Anjeneral, sentòm yo dire de a sèt jou.

## 3. Èske li kapab transmèt ant manman ak pitit?



Te gen rapò ki montre yon malfòmasyon grav sèvo timoun ki fèt yo. Sa rele **mikwocefali** (yon maladi kote tèt tibebe a pi piti pase sa ki prevwa lè yo konpare li avèk tibebe menm sèks ak menm laj) ak lòt move rezilta gwosès sou tibebe manman ki te enfekte avèk viris Zika pandan yo ansent. Konesans relasyon ant Zika ak rezilta sa yo ap evolye, men jouk lè yo gen plis konesans, CDC rekòmande prekosyon espesyal pou gwoup moun sa yo.

### Fanm ki ansent yo (nan nenpòt trimès)

- Yon gason kapab simaye Viris Zika ba patnè li pandan y ap fè bagay. Li ka posib pou yon gason gen Zika epi transmèt Zika ba patnè li (yo), menm lè gason an pa gen sentòm, oswa pa konnen li enfekte. Akòz koneksyon ant Zika ak malfòmasyon tibebe lè yo fèt, pran mezi pou evite enfeksyon an pandan ou ansent.
- Konsidere ranvwaye vwayaj ou nan nenpòt zòn kote gen transmisyon viris Zika.
- Si ou dwe vwayaje nan youn nan zòn sa yo, pale avèk doktè ou anvan epi swiv **etap pou anpeche moustik mòde ou** toutbon pandan vwayaj ou.



### Fanm k ap eseye vin ansent

- › Yon gason kapab simaye viris Zika nan transmisyon seksyèl anvan, pandan oswa apre gwasès.
- › Fanm doktè dekouvri ki gen Zika ta dwe rete tann omwen uit semèn apre sentòm yo kòmanse pou yo eseye vin ansent. Gason doktè dekouvri ki gen Zika ta dwe rete tann omwen sis semèn apre sentòm yo kòmanse pou yo eseye ansent yon fanm. Fanm ki pa gen sentòm yo ak gason ki ka ekspoze nan Zika ta dwe tann omwen uit semèn apre yo ekspoze a anvan yo eseye vin ansent oswa ansent yon fanm.
- › Fanm ak patnè yo k ap reflechi sou gwasès ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante yo sou:
  - Plan yo pou yo fè pitit, risk posib pou yo gen Zika pandan gwasès la, ak posiblite pou patnè yo ekspoze nan Zika. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: <http://www.cdc.gov/zika/pregnancy/thinking-about-pregnancy.html>

### 4. Kijan doktè dekouvri maladi a?



Pou pifò moun doktè dekouvri ki gen maladi viris Zika, dyagnostik la baze sou sentòm yo ak dènye istwa yo (pa egzanp, lè moustik mòde yo, oswa lè yo vwayaje nan yon zòn kote yo konnen gen viris Zika). Yon laboratwa kapab konfime dyagnostik la avèk tès san.

### 5. Kisa tretman an ye?



Pa gen vaksen oswa medikaman espesyal pou trete viris Zika.

Trete sentòm yo.

- › Repoze ou anpil
- › Bwè likid pou pa dezidrate
- › Pran medikaman tankou acetaminophen pou bese lafyèv la epi pou redui doulè ou
- › Pa pran aspirin oswa lòt medikaman anti-enflamatwa non-estewoyidyen
- › Si w ap pran medikaman pou yon lòt pwoblèm medikal, pale avèk pwofesyonèl swen sante ou anvan ou pran lòt medikaman

### 6. Ki kote yo te konfime ka viris Zika yo dènyèman?



Nan fen mwa janvyè 2016, yo te idantifye ka ki konfime yo nan peyi ki endike anba la yo.

#### **Amerik Latin ak Zile Antiy yo**

Ariba, Babad, Bolivi, Bonè, Brezil, Kolonbi, Kostarika, Kiba, Kiraso, Dominik, Repiblik Dominikèn, Ekwatè, Salvadò, Giyan Fransè, Gwadloup, Gwatemala, Giyan, Ayiti, Ondiras, Jamayik, Matinik, Meksik, Nikaragwa, Panama, Paragwe, Pòtoriko, Sen-Maten, Sen-Vensan ak Grenadine, Sirinam, Trinidad ak Tobago, Zile Vijin Ameriken ak Venezwela

#### **Oseyani ak Zile Pasifik**

Samowa Ameriken, Zile Marshall, New Caledonia, Samowa, Tonga

#### **Afrik**

Kapvè



## 7. Kijan pou mwen pwoteje tèt mwen?

Dapre OMS, pi bon pwoteksyon kont viris Zika se pa kite moustik mòde ou. Fanm ki ansent oswa ki gen plan pou vin ansent ak patnè seksyèl yo ta dwe pran plis prekosyon pou pwoteje tèt yo pou yo pa kite moustik ki transmèt Zika mòde yo. Sa kapab fèt lè yo:

- Mete rad (pito rad koulè pal) ki kouvri pifò nan kò yo otank posib.
- Itilize pwodui pou pouse ensèk: yo ka pase pwodui pou pouse ensèk yo nan po yo ki ekspozè a oswa nan rad yo, epitou pwodui yo ta dwe gen DEET (diethyltoluamide) oswa IR 3535 oswa Icaridin ki se engredyan aktif sou plan byolojik ki pi komen nan pwodui pou pouse ensèk. Yo dwe itilize pwodui pou pouse ensèk yo dapre enstwiksyon ki sou etikèt la sèlman. Yo pa gen danje pou fanm ansent itilize yo. (Tcheke règleman peyi kote w ap viv la sou kalite pwodui pou itilize pou pouse ensèk.)
- Itilize baryè fizik tankou griy-a-may oswa materyèl moustikè ki trete sou pòt yo ak fenèt yo.
- Dòmi anba moustikè, sitou lè y ap repoze lajounen, lè moustik Aedes yo pi aktif.
- Idantifye epi elimine kote li posib pou moustik repwodui, lè yo vide, netwaye oswa kouvri resipyan ki kapab kenbe menm ti kantite dlo, tankou bokit, po flè ak awotchou.

Si ou se yon fanm ansent, oswa si ou gen plan pou vin ansent epi ou gen yon patnè gason k ap viv avèk ou oswa ki vwayaje nan yon zòn ki gen Zika, ou ta dwe pale avèk pwofesyonèl swen sante ou sou istwa vwayaj li. Ou ta dwe gade rekòmandasyon CDC epi ou ta dwe itilize mezi pwoteksyon, tankou abstinans, pou evite transmisyon seksyèl.

## 8. Kilè yon moun ta dwe chèche swen medikal?

- Wè pwofesyonèl swen sante ou si ou gen sentòm ki dekri nan paj 1 epi si ou te ale nan zòn kote yo jwenn Zika.
- Wè pwofesyonèl swen sante ou si ou ansent epi si ou gen lafyèv, gratèl, doulè nan je-pye, oswa zye wouj nan de semèn apre ou te vwayaje nan yon peyi kote yo te rapòte ka viris Zika.



Ou kapab jwenn piblikasyon nou bay la ak lòt enfòmasyon sou viris Zika sou sitwèb sa yo avèk lyen ki anba la yo.

- Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi: [www.cdc.gov/zika](http://www.cdc.gov/zika)
- Òganizasyon Mondyal Sante: [www.who.int/topics/zika/en/](http://www.who.int/topics/zika/en/)

Together, all the way.®



Piblikasyon sa a se pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la pou konsèy medikal. Moun yo ta dwe konsilte konseye medikal endepandan yo.

Nou bay tout pwodui ak sèvis Cigna yo sèlman nan oswa avèk filyal operasyon Cigna Corporation, tankou Cigna Health and Life Insurance Company oswa filyal konpayi sèvis la. Non, logo, ak lòt non komèsyal Cigna se pou Cigna Intellectual Property, Inc. Nou itilize tout imaj yo pou eklèsisman sèlman.

887307CR a 04/16 © 2016 Cigna. Kèk nan enfòmasyon nou bay sou lisans.